



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON YO NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvèl nominasyon nan administrasyon li an.

“Depi nan lit pou dwa ak opòtinite egal rive nan ranfòsman ekonomi an ak kreyasyon plizyè milye nouvo djòb nan endistri demen yo, administrasyon sa a te lite epi kontinye ap lite pou amelyore lavi tout Nouyòkè yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen swete nouvo fonksyonè plen talan sa yo labyenveni nan nouvo wòl yo, kote nou pral travay ansanm pou kontinye pwogrè ekstrawòdinè nou fè pandan wit lane ki sot pase yo pou kreye yon New York pi fò, pi jis ak pi pwospè pou tout moun.”

Lindsey Boylan resevwa pòs Sekretè Adjwen Devlopman Ekonomik ak Konseye Espesyal Gouvènè a. Anvan sa li te Chèf Kabinè ak Vis-Prezidan Egzekitif nan Empire State Development. Anvan li te vin nan òganis la, Lindsey te pase plizyè lane nan finans minisipal, finalman kòm Vis-Prezidan, nan RBC Capital Markets. Anvan sa, li te gen yon wòl desizyonèl ap dirije fonksyonman ak rechèch kliyantèl pou twa distrik amelyorasyon biznis ki te konekte ansanm nan Vil New York, kolaborasyon ant sektè piblik ak prive ki te koni plis poutèt restorasyon yo te fè nan pak ikonik Bryant la nan Santrevil la. Lindsey te travay tou pou planifikatè iben selèb la Alexander Garvin, konsantre sou yon pwosede planifikasyon jeneral ak jesyon pou yon pak 1,800 ekta nan Memphis, Tennessee. Li te gradye nan Columbia Business School epi te resevwa diplòm Lisans (Bachelor of Arts, B.A.) li nan Syans Politik nan men Wellesley College, kote yo te eli l Prezidan Kò Etidyan an.

Michael Schmidt resevwa pòs Konseye Ekonomik Prensipal Gouvènè a. Mesye Schmidt te dènyèman Sekretè Adjwen Devlopman Ekonomik, kote li te sipèvize politik ak operasyon yo pou douz òganis ak otorite leta, pami yo Empire State Development, Depatman Taksasyon ak Finans la (Department of Taxation and Finance), Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote a (Division of Homes and Community Renewal), ak Depatman Deta (Department of State). Anvan sa, Mesye Schmidt te konseye sou politik ekonomik kot Hillary Clinton pandan kanpay prezidansyèl 2016 li a, kote li te mennen elaborasyon ajenda Sekretè Clinton nan sou règlemantasyon finansye, komès, enfrastrikti, lojman, ti biznis, ak devlopman ekonomik. Li te sèvi tou nan Biwo Finans Enteryè a (Office of Domestic Finance) nan Depatman Trezò Ameriken an (U.S. Department of the Treasury) epi kòm Analis Finansye Prensipal nan Biwo Envestisman Yale la (Yale Investments Office). Li genyen yon diplòm Doktora Jiridik (Juris Doctor, J.D.) ak yon Lisans Asosye nan Yale.

Zackary Knaub te jwenn nominasyon kòm premye Konseye Adjwen Gouvènè a. Mesye Knaub te sèvi dènyèman kòm Konseye Jiridik Adjwen Gouvènè a, ap okipe zafè enèji ak anviwònman. Anvan li te vin nan Chanm Egzekitif la, Mesye Knaub te Avoka Rejyonal Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal an (Department of Environmental Conservation), ap jere afè jiridik Depatman an nan ba Hudson River Valley. Anvan sèvis li nan leta, li te yon asosye nan Shlansky Law Group, yon kabinè avoka pou litij komèsyal ak anviwònmantal, epi yon asosye nan biwo Beveridge & Diamond, P.C. a nan Vil New York. Li te kòmanse karyè jiridik li kòm asistan jiridik pou ka san avoka ak rekèt nan Kou Dapèl Etazini an pou Dezyèm Sikui an (United States Court of Appeals for the Second Circuit). Li te gradye avèk distenksyon nan Cardozo Law School, epi li resevwa yon diplòm Metriz nan men Columbia University, ak yon diplòm Lisans avèk lonè nan men University of Iowa.

Carolyn Pokorny resevwa pòs Konseye Espesyal pou Dwati Piblik. Li te dènyèman Konseye Espesyal Anchèf pou Etik, Risk ak Konfòmite. Anvan sa, li te Chèf Kabinè Adjwen ak Konseye Pwokirè Jeneral Etazini an Loretta E. Lynch. Anvan sa, li te pase prèske kenzen an ak Biwo Avoka Etazini nan Brooklyn, kote li te okipe yon seri pozisyon lidèchip, ki enkli Chèf Adjwen Divizyon Kriminèl. Li te resevwa Prim Avoka Jeneral Etazini pou Sèvis Distenge yo, ak prim Pwosekitè Federal Ane a ki soti nan Fondasyon Ranfòsman Lwa Federal lan. Madmwazèl Pokorny te kòmanse karyè li kòm yon pwosekitè nan Biwo Avoka Distrik Bronx epi apre li te travay kòm grefye pou jij federal Arthur D. Spatt nan Long Island. Li genyen yon Lisans Asosye (B.A.) nan New York University, ak yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) nan Brooklyn Law School.

Camille Joseph Varlack te nonmen kòm Direktè Adjwen Operasyon Eta yo. An 2017, yo te nonmen li Ofisye Jesyon Risk ak Konseye Espesyal Eta New York epi l ap kenbe tit sa yo. Madan Varlack te direktè adjwen etik, risk ak konfòmite nan Chanm Egzekitif la epi asistan jiridik prensipal nan Kou Siprèm Eta New York la (New York State Supreme Court). Li te Vis-Prezidan Adjwen ak Konseye Jiridik tou nan AXA Financial, Inc. epi Sibstiti Pwokirè pou Biwo Pwokirè Distrik Konte Kings lan (Kings County District Attorney's Office). Madan Varlack gen yon Bakaloreya nan State University of New York nan Buffalo ak yon Doktora nan Brooklyn Law School.

Giancarlo Pellegrini resevwa pòs Konseye Jiridik Adjwen Gouvènè a. Mesye Pellegrini te dènyèman pratike dwa nan Sidley Austin LLP nan Washington, D.C., epi anvan sa li te yon Manm Empire State (Empire State Fellow) nan Biwo Konseye Jiridik Gouvènè a (Governor's Counsel'd Office). Mesye Pellegrini te resevwa yon Doktora nan Jirispidans nan men Harvard Law School ak yon diplòm Lisans nan men Lehigh University.

Andrew Chan Wolinsky resevwa pòs Konseye Espesyal Adjwen pou Dwati Piblik. Anvan sa, li te yon asosye nan depatman kontansye yo nan Sullivan & Cromwell LLP ak nan Davis Polk & Wardwell LLP, kote kabinè li a te konsantre sou defans kriminèl ak kòl blan, pwosedi aplikasyon règleman, ak investigasyon entèn. Li te grefye pou Onorab Jane R. Roth nan Kou Dapèl Etazini an pou Twazyèm Sikui an (United States Court of Appeals for the Third Circuit) ak pou Onorab Loretta A. Preska, Jij Anchèf Kou Distrik Etazini an pou Distrik Sid New York la. Mesye Wolinsky te resevwa Doktora nan Jirispidans li nan men Fordham University School of Law epi diplòm Lisans li nan men Tufts University.

Abigail Belknap Seidner resevwa pòs Konseye Espesyal Adjwen pou Dwati Piblik nan Chanm Egzekitif la. Anvan li t antre an sèvis piblik, Madan Seidner te kòmanse karyè jiridik li nan Cooley LLP, kote li te reprezante anpil kliyan *gratis* anplis kabinè kontansye prive li a. Anvan sa Madan Seidner te yon estajye jiridik nan Biwo Pwokirè Etazini pou Distri Sid epitou Lès New York yo epi nan Inyon pou Libète Sivil New York la (New York Civil Liberties Union). Madan Seidner te resevwa yon diplòm Lisans nan men Pomona College ak yon Doktora nan Jirispidans nan men New York University School of Law.

Michael Donegan resevwa pòs Konseye Jiridik nan Sant Jistis pou Pwoteksyon Moun ki gen Bezwen Espesyal la (Justice Center for the Protection of People with Special Needs). Mesye Donegan nan Sant Jistis la depi mwa dawout 2013, kote yo te nonmen li kòm premye Direktè Inite Disiplin Anplwaye a (Employee Discipline Unit), pou sipèvize yon gwoup avoka ki te reprezante òganis sipèvizyon eta a nan abitraj disiplinè. Anvan li vin nan Sant Jistis la, Mesye Donegan te pase 16 lane kòm Konseye Jiridik nan Komisyon Penitansye Eta a (State Commission of Correction). Li te gradye nan SUNY Albany ak nan Hofstra University School of Law.

Mark Noordsy resevwa pòs Konseye Jiridik ak Komisè Adjwen nan Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health, OMH). Dènyèman li te Konseye Adjwen pou Litij nan OMH. Anvan sa, li te sèvi nan Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la, ak Biwo Enspektè Jeneral Medicaid la (Office of the Medicaid Inspector General), apre venntuit lane pratik prive. Mesye Noordsy te resevwa yon diplòm Lisans, avèk gran distenksyon, nan men St. Lawrence University, ak yon Doktora nan Jirispidans, avèk lonè, nan men George Washington University.

Karen Mintzer resevwa pòs Konseye Jiridik nan Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation). Madan Mintzer te vin ap travay nan Pak yo apre Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la, kote li te Avoka Rejyon - Konseye Jiridik pou Rejyon 2 (Vil New York). Anvan sa, li te nan kabinè prive, pi dènyèman kòm konseye espesyal kay Kramer Levin Naftalis & Frankel. Li te resevwa yon Lisans nan Lafayette College ak yon Doktora nan Jirispidans nan Georgetown University Law Center.

Sumit Sud resevwa pòs Konseye Espesyal Anchèf Adjwen pou Etik, Risk ak Konfòmite. Nan nouvo wòl sa a, Mesye Sud pral kowòdone pwogram pou tout eta a pou etik, risk, ak konfòmite nan òganis yo ak otorite yo, epi travay avèk Konseye Espesyal pou Dwati Piblik la ak Ofisye Jesyon Risk Eta New York la. Li pral pran wòl sa a pandan l ap kontinye fonksyon li nan ansyen pòs li a kòm Konseye Espesyal Direktè Fon Asirans Eta New York la (New York State Insurance Fund) ak Komisè Depatman Travay New York la (New York Department of Labor). Anvan li vin travay pou leta, Mesye Sud te travay kòm Avoka Prensipal nan Depatman Jiridik Vil New York la (New York City Law Department), kote li te rete pandan prèske dizan. Li gen yon Doktora nan Case Western Reserve University nan Ohio ak yon Bakaloreya nan Inivèsite Washington, Seattle.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU